



Rapò Konsèy la
8 Mas 2024



MIZAJOU KONSÈY LA

Ki soti nan biwo doktè Alexandra Estrella, Sipèntandan

8 Mas 2024

EKSELANS, EKITE AK ENKLIZYON


Tès ak Responsablite

Jou ki te 7 mas la, sesyon fòmasyon, obligatwa pou tès NGSS Eta a, te fèt pou Koòdonatè Egzamen Konstriksyon ak lidè syans nan lekòl segondè yo. Gwo sijè yo te sekirite ak itilizasyon sipò ki apwouve pou rann tès la aksesib pou tout elèv yo. Nan mitan mwa Mas la, Biwo Tès la pral telechaje sipò li chwazi yo nan TIDE, motè livrezon tès la. CT-SEDS fè mizajou TIDE ak akomodasyon nan IEP ki finalize yo. Nan fòmasyon an, yo te revize yon pwosesis nivo lekòl pou revizyon sipò/akomodasyon yo. Chak siveyan oblije simile yon sesyon tès ak elèv yo, li ka sèvi avèk tès pratik sou entènèt la. Lè biwo yo ap konsidere kòm yon swivi nan sesyon sa yo. Egzamen NGSS nan lekòl segondè yo pwograme pou 8 ak 9 avril.



Yo te sèvi avèk gwoup gradyasyon 4 ane 2022 Norwalk la ak rezilta preliminè pou gwoup 2023 la pou mezire enpak Future Ready Program la sou pousantaj gradyasyon yo. Ipotèz la montre si elèv yo pa t patisipe nan Future Ready Program nan, yo pa t ap gradye alè. Pousantaj gradyasyon 2022 yo ta de a twa pwen pi ba. Sèvi ak dosye gwoup preliminè 2023 a, pousantaj gradyasyon an ta dwe twa a kat pwen pi ba.

Rechèch ak Analiz



Lekòl Piblik Norwalk yo voye regilyèman pou fanmi yo avi ki mete yo ajou sou kantite jou elèv yo absan epi li gen ladan l yon konparezon ak mwayèn kantite absans pou yon elèv nan menm klas la. Semèn pase a yon mizajou prezans te voye bay tout paran/gadyen yo atravè ParentSquare .

Travay te kòmanse pou planifye Sondaj Sòti Senior nan kolaborasyon ak Rezo CT RISE. Sondaj sa a ki dire 10 a 15 minit, ki pral lanse nan mwa avril la, pral pran dènye plan etidyan apre sgonde yo epi ede nou aprann nan eksperyans yo pou nou ka kontinye apwofondi sipò nan pwochen klas yo. Enfòmasyon k ap pran yo ap enkli:

- Plan postsegondè elèv la ak kote elèv la planifye pou l enskri/mobilize/travay
- Etap enpòtan yo elèv la te konplete pou enskripsyon ak èd finansye
- Sipò elèv yo jwenn ki pi itil lè yo ap mennen pwosesis apre lekòl segondè a

Kominikasyon

Lyen Rapid

- [Elèv BMHS yo genyen 9 prim nan Konferans HOSA Eta a](#)
- [CGS Sabre Lex Francois ranpòte lò nan chanpyona Eskrim Eta a](#)
- [5 Elèv NPS kalifye pou Konpetisyon Jounen Istwa CT a](#)
- [Ponus Ridge STEAM Academy chwazi kòm gayan CT State pou Samsung Solve for Tomorrow Competition](#)
- [Kwen kourikoulòm: Fevriye 2024](#)

Lekti ouvri monn nan!



An nou ale ankò! Reading Opens the World, yon inisyativ Premye Liv, ap retounen samdi 18 me depi 11 am jiska 3 pm nan Brien McMahon High School. Elaji bibliyotèk lakay ou lè w chwazi plis pase <225> 50,000 liv GRATIS </225> epi pwofite anpil lòt aktivite ak kamyon manje.

Men, si ou poko wè li deja (e si ou pa t , èske w ap viv anba yon wòch?), [gade videyo lansman](#) an ki genyen Doktè Estrella ak Mesye Rob Pennington pou w aprann yon ti kras plis sou evènman ane sa a. Asire w ke w gade jiska la fen!

Festival Eritaj ak Istwa Nwa yo



Mèsi tout moun ki te rejwenn nou (epi volontè!) Nan 2yèm Black Heritage & History Festival ki fèt chak lane, pou selebre Afriken Ameriken yo ak Atisay yo. Nou te gen plis pase 1,200 moun ki te asiste pou sipòte elèv nou yo ki te bay yon pèfòmans enkwayab epi ki te montre yon prezantasyon enpresyonan. Nou espere nou tout te renmen bon manje yo epi nou te danse lannuit la nèt ale.

Yon remèsiman espesyal pou oratè ki se envite nou yo ki gen ladan Vis Prezidan Konsèy Edikasyon Norwalk Sheri McCready-Pritchett, Prezidan NAACP Branch Norwalk Connecticut Brenda Penn-Williams, Rev. Roosevelt Ewell nan Legliz Batis Enstitisyonèl Canaan, ak Majistra Norwalk Harry Rilling.

Rele pou Jeannette Morales ak Komite BHMF ki fè evènman sa a yon lòt siksè enkwayab! Mèsi Sipèntandan Dr. Estrella ak Adjwen Sipèntandan Sandra Faioes pou vizyon nou yo ki enspire ak lidèchip devwe nou yo ki pèmèt nou rasanble kominote nou an pou bèl selebrasyon sa yo.

[Klike la a pou w gade tout pèfòmans festival la!](#)

Li atravè Amerik la



Nou te gen yon lòt Read Across America Day siksè byen bonè nan semèn sa a ak anpil, anpil ofisyèl ki eli, pwofesè ak anplwaye lekòl la, epi lòt lidè kominote yo ki te pran tan nan orè yo ki chaje pou li pou elèv nou yo atravè distri a. Nou pap janm fin di yo mèsi ase!

Rele pou Stacey Bergin ak Ekip Kourikoulòm lan paske yo òganize yon lòt jou lekti etonan! **[Klike la pou wè tout bagay ki pi bèl nan ekspozisyon an.](#)**

Dat gradyasyon ak pwomosyon yo

Bagay yo pral parèt yon ti kras diferan ane sa a pou gradyasyon Lekòl Segondè Norwalk/P-TECH akòz konstriksyon nouvo lekòl la. **[Klike la a pou w wè tout dat, lè ak kote yo pandan n ap selebre gradye nou yo ak elèv premye ane yo!](#)**

Sizoka Ou Pa Te La

Selebre Mwa Istwa Fanm yo


Pandan tout mwa mas la, nou pral selebre Mwa Istwa Fanm yo, n ap mete aksan sou lidè fi ak edikatè k ap fè yon enpak sou elèv nou yo, lekòl nou yo ak kominote Norwalk la. Tcheke li sou chanèl Facebook ak Instagram nou yo.

NPS ap selebre Mwa Istwa Moun Nwa yo (VIDEYO)



BMHS NAACP Club la te òganize yon panèl pou edike kamarad yo sou eksperyans edikatè ak anplwaye Nwa yo nan kominote a. Konvèsasyon yo te mete aksan sou defi panelis yo te genyen pou yo simonte nan lavi yo ak karyè yo epi yo te konsantre sou chanjman yo ap fè nan Kominote BMHS la.

P-TECH te rekonèt Mwa Istwa Nwa a ak yon selebrasyon nan tout lekòl la ki te gen ladann pwojè artistik, pèfòmans mizik, yon pwojeksyon fim, yon defile mòd ak jwèt trivia. *Klike la a pou w gade pwen enpòtan yo (ki gen ladan yon kame nan Ralph and Old School 203!)*



Nou te pataje refleksyon manm My Sister's Keeper yo sou sa yo te wè nan fim "The Color Purple" lane 2023 a Gade yo tout sou chanèl Facebook ak Instagram nou yo.

Klèb liv Sipèndan an - "I Am Enough" (Mwen ase) (VIDEYO)

Direktè Egzekitif Devlopman Lidèchip Mary-Anne Sheppard ak Alison Breedy-Johnson te fèmen selebrasyon Mwa Istwa Nwa Book Club's Sipèntandan an ak liv "I Am Enough" Grace Byers ekri ak foto Keturah A. Bobo.

Rezime Ivè NPS (VIDEYO)

Lekò yol nan distri a te pase sezon fredri a kòm volontè nan kominote a, akeyi patnè edikasyon nou yo pou eksperyans amizan, epi prepare pou mizik prentan yo.

Dat Enpòtan

Jedi, 14 mas - Konferans pou Matènèl jiska 5yèm ane (Klas yo ap Ranvwaye 90 Minit Anvan Lè)

Jedi, 21 mas - Konferans pou Matènèl jiska 5yèm ane (Klas yo ap Ranvwaye 90 Minit Anvan Lè)

Lendi, 25 mas - Devlopman Pwofesyonèl Anplwaye (Klas yo ap Ranvwaye 2 Èdtan Anvan lè)

Vandredi 29 mas - Vandredi Sen (Pa gen lekòl; Biwo Santral la ap Fèmen)

Pwochen Evènman yo

Misatengo

Samdi 9 mas a 7:30 p.m.

Norwalk Concert Hall, 125 East Ave. nan Norwalk

Fairfield County Chorale te envite chantè Chanm Lekòl Segondè Norwalk yo pou yo fè pati nan yo ankò, fwa sa a pou fè " Misatengo " oswa " Mass a Buenos Aires " pa konpozitè Ajanten Martin Palmeri. Pyès la se yon konbinezon kaptivan nan yon mès klasik Latin ak rit Nuevo Tango ak senkop. Li te dekri kòm yon travay lou epi sakre.

Fairfield County Chorale ak Chantè Chanm NHS yo pral prezante trankilite konpozitè kontanporen Ola Gjeilo, ak yon gran premye mondyal Evan Fein, ki konpoze espesyalman pou konsè sa a. Pèfòmans lan pral prezante tou Shinjoo Cho ak bandoneyon tradisyonèl la .

Klike la a pou achte tikè oswa achte yo devan pòt la.

Atelye Fanmi - dekorasyon bèt an bwa/penti

Jedi 15 mas depi 6 a 7 pm

NPS Family Center, 1 Park St. in Norwalk

Fanmi yo envite nan atelye amizan ak entèaktif sa a pou kreye pwòp bèt an bwa yo, yon pyès atistik inik nan koutim la. Sèvi ak kreyativite ou pou kreye yon pyès san parèy!

Klike la a pou w enskri.

"The Colors of Frida/Los Colores de Frida"

Vandredi 15 mas a 6 p.m.

Jefferson Marine Science Elementary School, 75 Van Buren Ave. nan Norwalk

NPS Family Center envite fanmi yo vin gade "The Colors of Frida/Los Colores de Frida" Teatro Sea ap prezante vandredi 15 mas la. Admisyon an GRATIS!

"The Colors of Frida/Los Colores de Frida" se yon fim nan 2 lang sou gran atis pent Meksiken Frida Kahlo. Li konbine tire kont, mizik, atizay vizyèl ak maryonèt.

Klike la pou rezève plas ou.

Ponus Ridge STEAM Academy ap Prezante "Moana Jr."
Vandredi 15 mas a 7 pm ak samdi 16 mas a 3 pm
Ponus Ridge STEAM Academy, 21 Hunters Lane nan Norwalk

Ponus Ridge STEAM Academy Drama Club la envite kominote a nan pwodiksyon Disney "Moana Jr. " Ki baze sou fim Walt Disney Animation lane 2016, mizik sa a prezante tout chante yo renmen anpil nan fim nan pa Lin-Manuel Miranda, Opetaia Foa'i ak Mark Mancina, ki gen ladan "How Far I'll Go," "Shiny," ak "You're Welcome."

Istwa eksitan ak rekonfòtan sa a ki montre koman pou vin granmoun swiv Moana ki gen anpil volonte pandan l ap vwayaje atravè Pasifik la pou l sove vilaj li a epi dekouvri laverite sou eritaj li a. Moana ak lejand demi-bondye Maui angajè nan yon vwayaj pou dekouvri pwòp tèt ou ak kamaradri pandan tou de aprann explwate pouvwa ki nan mitan yo. Avèk mesaj ki bay pouvwa, kouraj ak dezentesman, Moana JR. asire l li fè soti ewo ki nan chak moun.

Tikè yo se \$8 pou elèv ak \$10 pou granmoun. **Ou ka rezève tikè lè w voye yon imèl nan ponusmusic@gmail.com**

Roton Middle School ap Prezante "Once On This Island Jr."
Vandredi 15 mas ak samdi 16 mas a 7 pm; Dimanch 17 mas a 2 pm
Roton Middle School, 201 Highland Ave. nan Norwalk

Roton Middle School Drama Club envite kominote a nan pwodiksyon "Once on This Island Jr." Mizik la adapte apati pwodiksyon Broadway 1990 la ki te baze sou roman 1985 "My Love, My Love; or The Peasant Girl" pa Rosa Guy, yon seri istwa nan Karayib la yo reprann ki te rakonte pa Hans Christian Andersen "The Little Mermaid".

Atravè chante ak dans prèske san rete, mizik sa a rakonte istwa Ti Moune, yon tifi peyizan ki sove e ki tonbe damou ak Daniel, yon ti gason rich ki soti lòt bò zile a. Lè Danyèl tounen kay pèp li a, dye fantastik ki dirije zile a, gide Ti Moune nan yon demand ki pral teste fòs lanmou li kont fòs pwisan prejije, rayisman e menm lanmò.

Tikè yo se \$8 pou elèv ak anplwaye NPS, ak \$12 pou granmoun. Tikè yo pral vann nan pòt la, lajan kach sèlman.

BMHS ap prezante "Footloose: The Musical"
Vandredi 22 mas a 7 p.m. ak samdi 23 mas a 2 p.m. epi a 7 p.m
Brien McMahon High School, 300 Highland Ave. nan Norwalk

Annou aplodi Brien McMahon High School, ki pral prezante pwodiksyon mizik sezon prentan "Footloose: The Musical" nan mwa mas la. Y ap tann yon piblik ki ranpli avèk zanmi fanmi ak kominote yo. Nou sèten se pral yon sware ki ap prèske yon paradi.

Se Christina Zangaglia ki dirije epi ki koregraf mizik la . Moun kite ede l se direktè mizik Laszlo Balazs, pwodiktè Holly Robert, ak asistan direktè Alba Alcantara ak Samantha Pullia.

Tikè yo se \$10 pou elèv ak anplwaye NPS; \$12 pou granmoun aje; ak \$15 pou granmoun. Chèz Cabarè yo disponib pou \$25 chak. *Klike la a pou achte tikè.*

WRMS ap prezante "Beauty and the Beast Jr."
Vandredi 22 mas a 7 p.m. ak samdi 23 mas a 2 p.m. epi a 7 p.m
West Rocks Middle School, 81 West Rocks Road nan Norwalk

West Rocks Drama Club mande w pou "se envite nou" pou pwodiksyon yo nan "Beauty and the Beast Jr." Plis pase 50 elèv ki nan klas 6yèm-8yèm ane fè pati pwodiksyon ane sa a, soti nan seleksyon a pou rive nan ekip koulis la.

Mizik la swiv konplo fim klasik Disney ak pwodiksyon Broadway - yon rapèl pou di nou vrè bote chita ladan.

Tikè yo se \$10. [Klike la a pou achte tikè.](#)

PWOGRAM, ENSTRIKSYON AK APRANTISAJ ESPESYALIZE

Syans Imanitè

Depatman Syans Imanitè kontinye sipòte Syans Lektif atravè devlopman pwofesyonèl nan tout distri a nan klas K-5. Nan kad lejislasyon Dwa pou Li, lekòl yo ap patisipe nan sesyon fòmasyon ak patnè nou yo nan The Hill. Travay kourikoulòm lekòl presegondè nan ELA a te konplete nan ekri literè ak diskisyon. Nou kontan wè kijan elèv nou yo apiye sou sijè Ogmante Tan Rekreyasyon yo, Enpak rezo sosyal yo, ak Risk nan Espò Kontak yo. Pwofesè enpòtan nan lekòl segondè yo te konplete 2 nouvo sèvis etid.

Pou sipòte travay Ekip Lidèchip Egzekitif la, yo te ofri devlopman pwofesyonèl nan domèn echafodaj ak QFT kòm estasyon chwa nan reyinyon chak mwa a. Nou te kontinye devlope lidè lekòl yo sou itilizasyon estanda kòm fòs ki mennen nan planifikasyon leson yo.

Matematik/STEM

Depatman STEM kontinye ap prepare pou aprantisaj pwofesyonèl pou lekòl presegondè ak segondè pou sesyon mas yo. Anplis sa, aprantisaj pwofesyonèl pral ofri bay pwofesè edikasyon fizik nan elemantè pou kolabore sou nouvo kourikoulòm lan pou ane pwochen.

Nou te sipòte sesyon aprantisaj pwofesyonèl direktè ak asistan direktè yo nan mwa mas lè nou te prezante yon sesyon angajman sou woutin ansèyman Collect and Display. Lidè yo te sipòte objektif la, plizyè egzanp enplemantasyon pou sipòte enplemantasyon nan diferan matyè, ak ekstansyon nan pi bon pratik adisyonèl.

Monitè matematik yo te angaje yo nan aprantisaj pwofesyonèl alantou Collect and Display, pwofite sik PDSA a epi sipòte ekip pwofesè yo ak pwofesè endividyèl yo avèk kesyon refleksyon, jan yon monitè matematik ap aplike nan lekòl yo te prezante a, epi nou te fè lide amelyorasyon nan kourikoulòm pou ane k ap vini an.

Elèv K ap Aprann Plizyè Lang

Depatman Multilingual Learner te angaje administratè yo ak monitè yo nan yon sesyon aprantisaj pwofesyonèl sou sipò nouvo ki fenk vini nan salklas la pandan reyinyon lidèchip mwa mas yo. Sesyon an te bay plizyè resous sou fason pou kreye yon anviwònman akeyan pou fenk vini yo ak fanmi yo ak anpil estrateji ansèyman sou fason pou sipòte nouvo ki fenk vini yo nan salklas la.

Sant pou Fanmi an kontan anpil pou atelye bèt an bwa /penti ki pwograme pou fanmi yo 14 mas soti 6-7 pm. Entelektyèl yo ansanm ak fanmi yo pral kreye pwòp bèt an bwa yo, travay atistik inik nan koutim la epi sèvi ak kreyativite yo pou kreye pyès inik yo!

Devlopman Pwofesyonèl

Travay la ap kontinye nan Sibvansyon Career Z Challenge la pandan n ap patisipe nan kominote pratik li yo chak mwa ak sesyon diskisyon ki gen rapò ak sijè yo. Semèn sa a pral konsantre sou

Maketing Pwogram ak Angajman entelekyèl Seri Aprantisaj CT yo te ofri bay etidyan Junior ak Senior ki enterese aprann plis sou Asphalt Lab Technician. Fanmi ak entelekyèl ki gen 16+ kapab aplike pou yon travay nan domèn Atizay kilinè ak gadyen lavi ki pral gen ladan fòmasyon ak konsèy. Komite Ekspansyon Doub Kredi kounye a ap tounen atansyon li sou pòsyon kalifikasyon pwofesè nan sibvansyon an. Ekip l ap rankontre ak Sant Fòmasyon Indoor Comfort pou wè si yon patenarya ak NPS posib. Entèn NPS yo nan plasman yo chwazi, pandan plis entelekyèl ap kontinye fè entèvyou. Perkins Grant te soumèt, epi nou te resevwa apwobasyon nou nan Eta CT a. Ekip la te fè patenarya ak Red Fashion School nan Norwalk, epi gwoup Spring High School la te kòmanse klas chak semèn yo a. Travay Elèv Jodi /Pwofesè Demen yo kòmanse ak BMHS.

Konsèy/Sèvis Sipò

EduSolve te sou plas pou fè yon SEL mach ak senk nan gwoup lekòl nou yo. Nan demen nou te gen fòmasyon sou plas pou tout 10 lekòl gwoup la ak youn pou ekip SEL distri nou an. Revizyon transkripsyon MLL yo kontinye nan Sant pou fanmi an pou Clas 2025 la Sa pèmèt anplwaye yo pi byen ajiste oswa prepare orè etidyan yo ak yon je sou gradyasyon, ki baze sou kredi yo genyen. Konseye lekòl yo te kòmanse travay ak entelekyèl yo pou seleksyon kou yo e yo kontinye rankontre yo si sa nesèsè. Travay la kontinye nan SHAPE Assessment nan patenarya ak Child Health and Development Institute (Enstiti Sante ak Devlopman Timoun).

Enstriksyon espesyalize

Manm ekip aprantisaj espesyalize yo ki gen ladan Administratè Edikasyon Espesyal yo ak BCBA yo te asiste premye pati nan yon seri ki gen twa pati sou Kontrent ak Izolasyon Konsèy Defans Paran (CPAC) ak Depatman Edikasyon Eta a (CSDE) ofri. Atelye sa a ouvri pou edikatè ak manm kominote yo. Ou ka jwenn evènman sa a ak lòt evènman CPAC patwone isit la:

<https://cpacinc.org/events.aspx>

Nan dat 7 ak 8 mas, manm ekip lidèchip aprantisaj espesyalize yo pral patisipe nan Konferans sou Pwoblèm legal nan Connecticut Council of Administrators of Special Education (ConnCASE). Nou espere retounen ak bonjan enfòmasyon konsènan ka ki gen plis enpak ane a. Nou ap tann oratè prensipal yo ki gen ladan Avoka Deanna Arivett ak Nate Levinson ki soti nan New Solutions K12. Dènye a se otè yon liv ki fenk pibliye manm depatman yo li: Sis Chanjman pou Amelyore Edikasyon Espesyal ak Lòt Entèvansyon: Yon Apwòch Bon Sans pou lidè lekòl yo.

Nan tout distri a, ekip yo ap prepare pou tranzisyon elèv yo nan pwochen nivo devlopman lekòl la: PreK jiska Kindergarten; lekòl primè rive nan lekòl presegondè; lekòl mwayen rive nan lekòl segondè; plan lekòl segondè a apre lekòl segondè oswa pwogram tranzisyon. An menm tan, nou ap prepare tou plan ete pou pwolonje Sèvis Ane Lekòl la.

Entèvansyon ki Baze sou Rechèch Syantifik (Scientific Research Based Interventions, SRBI)

Nou ap enplemanje High Dosage Tutoring Grant pou matematik lekòl mwayen. Nou te kòmanse devlope sa a nan yon ti echèl avèk leson patikilye apre lekòl ak entèvansyon sipò pandan jounen lekòl la. N ap kontinye sipòte l pandan reyinyon lidèchip yo ak revizyon objektif mitan ane yo ak konsèy la. Ekip lekòl yo te okipe ak kalibrasyon entèn yo. Sa yo te baze sou matematik ak alfabetizasyon. Sa gen ladan tou reyinyon entèvansyon pou sipòte ki nivo klas yo ap konsantre sou li epi asire reyinyon an gen yon rezilta nan pwochen etap la.

Nou ap travay ak eta a tou pou sipòte dewoulman Sipò pilòt la pou Sistèm Multi-Niveau. Eta ap ajoute fich entèvansyon yo epi enpòte referans evalyasyon yo pou tout ekip yo kapab wè plis enfòmasyon sou tout timoun yo.

DEVLOPMAN LIDÈ

Reyinyon Lidèchip ansèyman mwa Mas

5 ak 6 mas, nou te resevwa direktè, asistan direktè ak monitè ansèyman pou sesyon aprantisaj pwofesyonèl yo chak mwa. Nan repons pou enfòmasyon NWEA nan mitan ane nou an, nou te itilize tan pou revize plan inite ELA k ap vini yo. Pandan tan sa a, lidè lekòl yo ak monitè alfabetizasyon antre nan estanda pou sèvis la, revize resous ki disponib yo epi yo te travay pou devlope yon plan aksyon pou lanse sèvis la ak pwofesè yo ak elèv yo. Pandan sèvis la ap lanse, manm ekip la pral vizite salklas yo pou idantifye Pratik ki pwomèt yo ak zòn pou sipò nan lavni.

Sik Amelyorasyon

Nou kontinye fè patenarya ak lekòl yo pou fè sik amelyorasyon yo kout. Semèn sa a, Brookside te dirije vizit nan fen sik la ki te konsantre sou amelyore rezilta elèv MLL nou yo nan ELA ak Matematik. Pandan vizit final sik sa a, ekip Brookside la te pataje estrateji ak sistèm yo te enpleman, enfòmasyon ak echantiyon elèv yo pou montre pwogrè elèv yo te fè, epi nou te vizite salklas yo. Kòm ou ka wè anba a, ekip Brookside la te demontre yon amelyorasyon sibstansyèl!

Amelyorasyon nan Pratik Pwofesè yo

ELA	Matematik
Nan fen sik la, prèv planifikasyon ki baze sou estanda yo te ogmante 33% epi prèv angajman elèv yo te ogmante 26%.	Nan fen sik la, prèv angajman elèv yo ogmante 25% epi prèv siveyans aktif yo ogmante 83%.

Amelyorasyon nan rezilta elèv yo

ELA	Matematik
Pousantaj elèv MLL yo nan gwoup konsantre a ki fè nòt yon Nivo 3 oswa 4 (soti 4) nan repons ekri ogmante 43%.	Pousantaj elèv MLL yo nan gwoup konsantre a ki fè nòt yon Nivo 3 (soti 3) ogmante 28%.


BIZNIS AK OPERASYON

Sèvis Manje



Jwenn Jeans pou yon Cause epi ede nou bay kominote nou an manje. Depi janvye, Depatman Sèvis Manje a te mete tèt ansanm ak The Open Door Shelter nan Norwalk pou ofri manje pou kominote nou an ki nan bezwen. Yon fwa pa mwa Depatman Sèvis Manje a kolekte don nan men manm ekip nou yo epi moun ki fè don yo dwe mete Jeans pou travay vandredi.

Semèn sa a **4-8 mas** se [Semèn Dejene Lekòl Nasyonal la](#), elèv nou yo te selebre ak nouvo meni tankou Dejene Banana Split ak aktivite amizan tankou dra ki te distribye nan lè manje maten yo.



Epitou, mwa sa a n ap selebre [Mwa Nasyonal Nitrisyon](#) an se yon kanpay edikasyon ak enfòmasyon sou nitrisyon ki kreye pa Akademi Nitrisyon ak Rejim ak Dietetics epi ki konsantre sou enpòtans ki genyen pou fè chwa abitud bon manje ak aktivite fizik.



Lekòl ki resevwa sibvansyon Fwi ak Legim Fre yo ap pwofite kèk fwi delisye ak legim ki [ble oswa mov](#) mwa sa a Semèn sa a lekòl FFVP nou yo ap sèvi [berejenn](#) ak [prin](#), semèn pwochèn nou pral prezante chou koulè wouj violèt ak rezen nwa. Evènman pop-up Mèkredi 6 Mas nou an pral prezante Franbwaz epi Mèkredi 13 Mas la pral gen yon evènman pop-up ki gen rezen koulè wouj violèt. Kòm toujou, men videyo aprantisaj ak degistasyon Madam Kelly:

[Aprann epi Goute:Berejenn](#)

[Aprann epi Goute: Prin](#)

Manje yon lakansyèl: [Ble oswa mov](#).

Etablisman

South Norwalk Elementary School:

Nan mwa fevriye a, Newfield Construction te mobilize sou plas e li te kòmanse pwosesis pèmi pou demolisyon ak konstriksyon. Travay yo planifye pou kòmanse nan kòmansman mwa mas.

Norwalk High School:

Ekip pwojè Gilbane la aktyèlman sou plas pou planifye ak kowòdone travay yo. Yo te kòmanse pwosesis pèmi ak vil la, kòmanse ak demolisyon an ak pèmi fondasyon sèlman. Travay yo planifye pou kòmanse nan mitan/fen mwa mas annatant apwobasyon pèmi yo.



2024 Spring Tryout Dates & Information

Men yon kopi [Kominikasyon Atletik](#) ki te pataje ak fanmi yo konsènan Spring Sports akòz teren yo pa sou liy.

Sekirite Lekòl la

Manm Komite Egzekitif Sekirite NPS la yo te fè patenarya ak Depatman Lapolis Norwalk ak Akwaryòm Maritim Norwalk pou fè yon Fòmasyon Tirè Aktif pou anplwaye ak volontè akwaryòm yo. Sa a se senkyèm pati nan yon seri kontinyèl pou konsilte ak bay sipò akwaryòm nan devlope Pwotokòl Tirè Aktif yo.



Transpò

Biwo Transpò a te bay yon navèt pou Selebrasyon Mwa Istwa Nwa a 29 fevriye nan BMHS. Yo te ranmase moun nan zòn ozalantou vil yo pou ede fanmi yo vin asiste.

Biwo Transpò a nan kolaborasyon ak Komite Byennèt NPS la pral fè patenarya ak Komisyon Bisiklèt/Mache Vil Norwalk ak Divizyon CT DOT Safe Routes to School pou òganize yon Evènman nan tout vil la nan kòmansman mwa me. Yon Festival 'Open Streets' ap planifye. Evènman sa a pral bay fanmi yo resous ak edikasyon pou sipòte monte bisiklèt ak mache (ak woule) nan lekòl ak nan vil la. Yo pral bay plis enfòmasyon detaye nan semèn kap vini yo.

Aktyalizasyon mank chofè: Nou akeyi yon lòt nouvo chofè nan ekip la, Raymond Jeune, ki fèk pase tès DMV epi ki pral kòmanse fòmasyon sou yon wout semèn pwochèn! Byenvini Raymond!

Sèvis Sante



NPS te aliye gid Covid li yo ak rekòmandasyon CDC te anonse nan dat 29 fevriye. Elèv ki teste pozitif pou Covid ka retounen lekòl yon fwa yo pa gen lafyè 24 sou 24 san yo pa itilize medikaman, anplis sentòm jeneral yo amelyore; Lè sa a, prekosyon yo rekòmande pou 5 jou.



Sèvis Sante Lekòl la kontinye kolabore ak The Norwalk Partnership e li te pwograme yon fòmasyon Narcan (Nalaxone) ak Positive Directions pou dat 25 mas. Chak enfimyè ap resevwa yon bwat adisyonèl Narcan pou itilize nan ijans nan lekòl yo.

Yo te bay kèk anplwaye fòmasyon sou medikaman nan pwogram tranzisyon Next Steps 18-21 le 28 fevriye pou asire yon plan ki an sekirite pou yon nouvo elèv.

Sibvansyon

Lekòl Piblik Norwalk yo te fè Reyinyon Siveyans Sibvansyon Distri Lekòl Piyorite ak Alyans trianyèl yo a lendi 4 mas ak yon reprezantan Depatman Edikasyon Eta Connecticut. Nan reyinyon sa a, nou te prezante priyorite distri yo anrapò ak finansman nou te resevwa nan men Eta a. Selebrasyon yo enkli diminyon nou nan sispansyon andeyò lekòl yo ak pwogrè nan tès mitan ane nou yo. Nou kontinye konsantre sou ogmante ak kenbe prezans elèv ki konsistan. Nou pral òganize dènye Reyinyon Siveyans Alliance nou an ak Eta a an Jiyè kote nou pral prezante enfòmasyon ki soti nan tès fen ane nou an.

APRANTISAJ NIMERIK AK TEKNOLOJI

Enterprise Software/Data Application

Sesyon fòmasyon pou biwo santral yo te fèt mwa pase a e yo te yon gwo siksè. Anplwaye yo te aprann nouvo pwosesis nan Excel, SharePoint ak plis ankò. Anplwaye yo te kreye rezilta efikas, pi rapid nan anpil nan travay yo repete jou travay yo. N ap kontinye fè sesyon fòmasyon epi n ap tann pou nou travay ak chak depatman!

Enfrastrikti/Operasyon

Nou ap finalize evalyasyon òf pou pwojè E-rate. Pwojè yo gen ladan AP ranplasman ak detèktè Wi-Fi. Yon fwa yo apwouve, pri nou an pou pwojè sa yo ap redwi a 80%. Premye aplikasyon sistèm VDI nou an (Virtual Desktop Infrastructure) ap kòmanse semèn pwochèn. Nou swete tès ak elèv yo nan mitan mwa avril.

Aprantisaj Nimerik

Digital Learning Coaches yo ap travay kounye a pou devlope kèk nan premye opòtinite nou yo pou itilize AI kòm yon zouti ansèyman pou pwofesè yo. Premye sesyon PD nou yo pral konsantre sou fason pou itilize rapid zouti tankou ChatGPT ak CoPilot pou kreye plan leson yo.

Nou kontan kòmanse travay nou ofisyèlman ak Digital Promise. Kèk nan pwochen etap nou yo nan pwosesis pou prepare lekòl nou yo pou ane pwochèn yo enkli:

- Pwofesè k ap resewa Chromebook yo ak abònman nan mwa Me
- Administratè edifis yo pral rankontre lòt lidè lekòl yo nan mwa me pou yon evènman entegrasyon nasyonal nan Kansas City MO
- Deplwaman aparèy elèv yo pral fèt nenpòt moman nan mwa Out.

FINANS

Pewòl

Pewòl chak de semèn pou semèn sa a te konplete avèk siksè. Vil la ak Komisyon Konsèy la ap kolabore sou pwojè aplikasyon UKG (Solisyon Resous Imèn, Pewòl, ak jesyon mendèv). Ekip pewòl nou an ap travay tou pou konstwi kòd ki nesèsè yo sou platfòm Munis nou an pou kenbe ak asirans dosye ak rapò ekzat yon fwa tranzisyon an ki soti nan NOVAtime ak UKG a fini.

Bidjè

Ekip bidjè a te rankontre pou fè yon ti batbouch sou pwochen etap pwosesis bidjè a, ki gen ladan demach pou bidjè elèv la. Nou te kòmanse kreye epi mete ajou dosye Bidjè Lekòl la semèn sa a. Nou gen reyinyon ak chak depatman ak lekòl yo pou revize depans pou ane sa a yo epi pou yo ba yo rezime transaksyon finansye jeneral ki ajou. Nou te finalize metodoloji retrèt la epi nou te kòmanse ajoute transfè bidjè pou montan retrèt yo.

Sibvansyon

Ekip sibvansyon nou yo ap travay pou rekonsilye sibvansyon Orè Lekòl Pwolonje ak Distri Lekòl Priyorite a, Tit I, ak Tit I ki reporte. Nou voye yon imèl bay chak lekòl pou eksplike itilizasyon finansman an ak lajan ki rete yo. Nou te genyen tou reyinyon endividyèl ak lekòl yo pou mete estrateji depans pou rès ane lekòl la. Semèn sa a, nou te distribye yon rezime jounal jeneral ajou sou tout kont prensipal sibvansyon yo bay Ofisye Finansye anchèf, ekip sibvansyon yo ak Sipèntandan Adjwen. Rapò sa a montre tout ane a depans ak disponiblite sibvansyon. Nou ap prepare pou reyinyon Bidjè Lekòl yo k ap vini an Avril epi nou kontan ede lekòl yo ak bidjè ki baze sou Lekòl yo.

Acha/Kont Kredi

N ap kontinye travay sou Demann pou Pwopozisyon Konpayi Jesyon Sèvis Manje distri a. Nou te rankontre chak semèn ak Depatman Edikasyon Eta Connecticut pou diskite sou kondisyon mizajou yo ak nouvo pwopozisyon platfòm nan soumèt. Nou ap kòmanse fòm ak teste tou Fon Aktivite Elèv

distri a ki demenaje nan Munis, ak tès beta nan Brien McMahon k ap kòmanse semèn sa a. Enplemantasyon ak konfigirasyon modil Tyler Technologies/MUNIS eProcurement pwograme pou Mèkredi ak Jedi pwochen. Yon fwa yo fin konplete, itilizatè yo pral kapab konekte rekizisyon yo ak lòd acha dirèkteman bay vandè ki gen kapasite sa a, sa ki pèmèt tranzaksyon nan tan reyèl yo dwe anrejistre nan MUNIS.

Finansman

Semèn sa a, nou te resevwa yon peman pou demann fon sibvansyon konstriksyon Jefferson Elementary. Ekip Konstriksyon Kapital la te rankontre pou prepare pou demann fon South Norwalk New School ak Norwalk High School.